



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 8,000 PROFESYONÈL SEKIRITE
PUBLIK KI SOTI NAN ETA NEW YORK AK ODELA KI KONPLÈTE FÒMASYON
NAN SANT FÒMASYON POU PREPARASYON ETA A AN 2023**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan bay ajans sekirite piblik Eta yo ak pèsònèl sekirite piblik yo fòmasyon pandan tout ane a pou abòde menas aktyèl ak menas k ap evolye a

676 Ofisyèl sekirite piblik te fini fòmasyon Sistèm Avyon San Pilòt la

176 premye sekouris te konplete fòmasyon sou Sovtaj nan Dlo Viv/Inondasyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a nan Oriskany te fòme plis prèske 8,000 pwofesyonèl sekirite piblik lokal, eta ak federal ki soti nan yon varyete disiplin ak ajans, ki gen ladan fòs lòd, sèvis ponpye, ak jesyon ijans, ki soti toupatou nan Eta New York ak odela an 2023. Opere pa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a, Sant lan te ofri fòmasyon ane pase a ki te ede prepare pwofesyonèl sa yo pou adrese menas aktyèl yo ak menas k ap evolye yo, egzèsè sekou nan dlo nan yon varyete kondisyon, epi devlope konesans nan tout aspè repons pou ijans. Pa egzanp, 676 pwofesyonèl sekirite piblik te aprann kijan pou yo entegre sistèm avyon san pilòt la nan misyon sekirite piblik pa yo epi 176 premye sekouris te konplete kou sovtaj nan dlo nan etablisman Sovtaj nan Dlo Viv/Inondasyon Sant lan ki te pèmèt yo reponn ak ijans inondasyon ak dlo viv atravè eta a.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi sa enkli gen premye sekouris ki pi byen fòme nan peyi a pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan 17 ane, Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a te bay premye sekouris fòmasyon modèn pou asire yo ka reponn yon fason efikas fas ak nenpòt sitiyasyon pou pwoteje piblik la. Pandan ane yo, Sant lan te elaji òf kou li yo ak lokal li yo pou atire yon odyans pwofesyonèl sekirite piblik ki pi laj nan tout Eta New York."

[Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta](#) (State Preparedness Training Center, SPTC) ofri ajans eta, lokal ak federal yo yon vas lye ak fòma pou fòmasyon. Soti nan konferans ak diskisyon nan salklas rive nan egzèsis ki baze sou senaryo reyalite ak pèfòmans eleve, etablisman an ofri yon seri opòtinite fòmasyon dinamik konplè. SPTC ofri ajans yo

anviwònman fòmasyon reyalis tankou yon vil simile, yon etablisman Sovtaj nan Dlo Viv/Inondasyon, pil dekonb bilding ki tonbe, estrikti rakbwa, wagon tren, ak lòt anviwònman. Kounye a nan 16èm ane operasyon li an, etablisman an fòme chak ane plizyè milye patnè sekirite piblik New York ki gen ladan, men pa sèlman, lapolis, sèvis ponpye, sèvis medikal ijans, ak pèsònèl jesyon ijans yo, nan yon varyete domèn tankou repons ak [evènman tirè aktif](#), negosyasyon kriz, ak operasyon sistèm avyon san pilòt (UAS) yo.

Depi lè sant lan te ouvri an 2006, Eta New York te envesti plis pase 40 milyon dola pou kreye yon etablisman klas mondyal pou fòme ofisyèl sekirite piblik yo. Pandan ke fòme kominote sekirite piblik New York la se pi gwo priyorite Sant lan, premye sekouris yo atravè Etazini, Kanada ak lòt peyi te antrene nan Oriskany.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Eta New York opere youn nan premye sant fòmasyon premye sekouris yo nan mond lan. Sekouris ak ofisyèl ki resevwa fòmasyon nan Sant lan pi prepare pou fè fas ak moman yon ijans difisil frape. Mwen pa ka tann, ak ekip DHSES la, pou m akeyi plis premye sekouris, repons pou ijans, ak ekip sekirite piblik atravè Eta a nan lokal fòmasyon ekselan sa a an 2024.

Anplis òganize plizyè kou pandan ane 2023 a, Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a te òganize plizyè evènman fòmasyon a gwo echèl ki gen ladan:

- Semèn Kanin: Plis pase 50 ekip Kanin Deteksyon Eksplozif (Explosive Detection Canine, EDC) ki soti nan tout Eta a te patisipe nan fòmasyon ki baze sou senaryo ak yon seri liy konpetans ki estimilan. Gade pwen enpòtan nan Semèn Kanin lan [isit la](#).
- Semèn Taktik: Karannde operatè ekip taktik ki soti toupatou nan eta a te patisipe nan senaryo avanse pou teste kapasite yo. Ekip SWAT Depatman Lapolis Syracuse la te genyen prim 'meyè' ekip ane sa a. Gade gran pwen yo [isit la](#).
- Somè Sistèm Avyon San Pilòt pou Sekirite Piblik: Plis pase 350 moun ki gen enterè nan UAS lokal, eta ak federal te patisipe nan somè a pou aprann kijan pou entegre teknoloji sa a nan misyon sekirite piblik pa yo.
- Konferans sou Sovtaj Teknik: Prèske 100 premye sekouris yo te asiste konferans lan pou fè fòmasyon sou kòd, dlo, efondreman estriktirèl, sovtaj veyikil ak sovtaj atravè UAS.
- Egzèsis Teknoloji Fòmasyon Asosyasyon Teknisyen Eskwad anti Eksplozif Ameriken (U.S. Bomb Squad Technician Association) an: Prèske 150 teknisyen eksplozif ak patisipan aparèy militè eksplozif ki soti toupatou nan peyi a te asiste egzèsis la pou aprann sou teknoloji netralizasyon eksplozif aktyèl ak emèjan yo.
- Defi Excelsior: Sansenkant ofisyèl fòs ki gen ladan Teknisyen Eksplozif, ekip Kanin pou Deteksyon Eksplozif, ak operatè Ekip Taktik te patisipe nan fòmasyon ki baze sou senaryo ki baze sou anviwònman menas aktyèl

la. Ofisyèl lapolis ki soti nan plis pase 50 ajans diferan te patisipe nan fòmasyon, sa ki fè Defi Excelsior 2023 a vin pi gwo egzèsis nan istwa li.

An 2024, Sant Fòmasyon Preparasyon Eta a pral kontinye elaji kalite fòmasyon yo bay nan Oriskany, ansanm ak gwoup moun ki gen enterè yo ki angaje nan efò sa yo, pou asire Eta New York prepare pou adrese anvivònman menas k ap evolye a. Ane pwochèn Sant lan pral òganize egzèsis eskwad eksplozif Defi Raven lan pou senkyèm fwa. Evènman prestijye sa a, ki òganize sèlman nan kat kote nasyonalman chak ane, pral rasanble apeprè 200 Teknisyen Eksplozif lokal, eta, federal ak entènasyonal pou yon semèn fòmasyon ki baze sou senaryo.

Anplis gwo evènman yo, Sant fòmasyon an pral òganize yon pakèt kou pou ofisyèl sekirite piblik yo. Vizite [kalandriye fòmasyon](#) Sant lan pou plis enfòmasyon ak yon lis kou k ap vini yo.

Apwopo Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta a

Eta New York abrite youn nan prensipal sant fòmasyon pou premye entèvansyon nan nasyon an – ki se Sant Fòmasyon pou Preparasyon Eta (SPTC) nan Oriskany. Sitiye sou 445 ekta, SPTC ofri yon vas seri sit fòmasyon reyalis, yon sit Fòmasyon sou Dlo Viv ak Inondasyon (Swift Water and Flood Training, SWFT), yon konplèks CityScape 45,000 pye kare, ak yon similatè Rechèch ak Sovtaj Iben (Urban Search and Rescue, USAR). Soti nan konferans ak diskisyon nan sal klas yo pase nan liy devlopman konpetans yo rive nan reyalyte ak fòmasyon ki baze sou senaryo wo pèfòmans, SPTC ofri ajans eta, lokal ak federal yo yon seri opòtinite pou fòmasyon dinamik nan kad premye entèvansyon ijans.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) pofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [paj Facebook](#) la, swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#), oswa vizite [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)